

Pawòl Ko-Editris yo

Jacqueline Baussan-Loubeau et Eveline Pressoir

Se depi nan premye premye Kongrè GRAHN te fè nan Monreyal nan lane 2010 la, patisipan yo te lonje dwèt sou enpòtans epòk lè yon timoun tikakat kòm yon epòk pou timoun sa a jwenn bon bourad pou li kòmanse trase vèvè lavi li kòm granmoun demen. Se poutèt sa tou, nan zafè rekonstrui peyi a, patisipan yo te rekonèt kijan se andedan vant yon pwogram nasyonal byen sentre ki makònen bezwen ak dwa timoun nan pou li jwenn bourad sa a (cf. Rekòmandasyon Premye Kongrè a).

Nan twazyèm milènè sa a ki ap montre pwent tèt li a, Ayiti dwe deklanche yon revolisyon trankil pou ede li akonpli rèv li kòm yon peyi kote tout pitit li ka viv ak espwa ladan li. Sanble Ayiti anpetre anba grif yon soudevlopman, epitou li ap itilize move zouti ki ap anvlope li pi rèd. Sanble tou, lapli asistans ekonomik li foure kò li anba yo, digdal diskou politik lidè li yo, latriye eleksyon bouyi-vide yo, manifestasyon tout plimay, epitou kouskouri dèyè pwodui konsomasyon—yon pa rive limen menm tensèl fenomèn ki rele devlopman an.

Se sèl devlopman ladrès ak kapasite chak grenn ayisyen ki ap vin pete wonn anvlopman sa a, epi rive akouche yon lòt sosyete ki ap bouje epi ki ap bati plan manbre pou avni peyi a. Se sèl edikasyon tou ki ka metba, devlope, epi pwoteje pwogrè ak vansman chak moun. Dizondi, mete edikasyon nan mitan tout demach devlopman se yon bon wout tout moun rekonèt, epitou yo dakò pou yo suiv li, pou yo kore li tou.

Ki jan ak ki kote nou ta dwe kòmanse met men pou yon derapman lapoula? Nou dwe kòmanse nan kòmansman, nan epòk timoun yo tikakat, kote yo kòmanse bati fondasyon pou sa yo pral vin ye demen an nan kè kal ak kè poze. Tankou pawòl la di, «Ou pa bati kay chanmòt san fondasyon». Se nan premye ane nan lavi li, chak moun kòmanse devlope kapasite kògnitif li, pèsonalite li, epi baz sante pou kò li ak pou sante mantal li. Se nan simen bon grenn nap rive jwenn bon donn.

Tout koze nou kouvri fwa sa a nan kaye tematik la, yonn ak lòt fonn ansanm epi yo tounen yon sèl koutrèl pou fè wè enpòtans simayay bon jan edikasyon ki konsidere chak timoun nan tout fasad lavi li depi nan tikakat li. Menm koutrèl sa a mande analiz sitiyasyon timoun nan ap viv jodi a, pwopoze kèk estrateji sou edikasyon ak fòmasyon, epitou jwenn solisyon pwoblèm ak dilèm ki pa sispann kwape devlopman tout timaymay nou yo.

Nou rive bati yon fòs manbre ki ap simaye bèl espwa nan mitan nou, akòz rasanblay kouray ak jefò plizyè moun ki soti nan tout sektè nan lavi nasyonal peyi a ki kwè nan kozman devlopman timoun yo depi yo tikakat la. Patisipasyon GRAHN nan mouvman an rive ede nou rasanble kèk tèks/atik sou pwogram ak konesans syantifik ki dwe sèvi baz pou kore refleksyon ak aksyon ki pral vin debouche sou sèvis (entèvansyon) kòm sadwa.

Si nou vle Ayiti patisipe nan kozman ki rele nan lang franse «Nouveau Partenariat Global / Nouvo Patenarya Global: Eradiquer la pauvreté et transformer les économies par un développement durable après 2015 / Dechouke povrete epi vire ekonomi yo avek yon devlopman dirab apre lane 2015» (Nouvo pwotokòl sa a ap rapousiv Objektif pou Milènè sa a ki ap fini nan lane 2015), nou dwe ede li rapousiv epi atenn Objektif 3 a: «Garanti bon jan edikasyon, fòmasyon ak pwogram konfòm pandan tout lavi¹». Sèten, kòm aksyon-kle nou pral foure je byen fon nan Epòk Timoun Yo Tikakat, paske se epòk sa a ki baz ak fondasyon vizyon nou yo (nou fè sa soti nan liy aksyon nou pral mete sou pye pou nou rapousiv objektif nou).

Se jodi a menm nou dwe prepare demen. Epòk Tikakat Timoun Yo egal ak jounen jodi ki dwe prepare demen an. Nimewo Haiti Perspectives sila a se yon koutmen nan konstriksyon sa a. Se plizyè konpatiyòt ak zanmi ann Ayiti ak lòt bòdlo ki ekri latriye atik/tèks nou rasanble la yo.

Lè nou fini ak mo ko-editris sa a, nap jwenn yon entwodikyon analitik ki ap demonte pakanpak plizyè konsèp pou ede nou konprann tèks chak prezantatèz yo (atik Eveline Pressoir la): Epòk Timoun Tikakat, edikasyon pre-eskolè, fòmasyon sou tout fasad devlopman lavi tikakat la, simayay agiman sou moral/etik, ekonomi epi lasyans pou kore kozman investi nou dwe investi nan devlopman timoun ayisyen depi yo tikakat la.

Tousuit apre tèks sa a, Yolaine Vandal prezante nou yon rapò sou istwa ak evolisyon konsèp ak pwogram sa yo ann Ayiti.

Atik pa **C. Pitre Robin** «*Pourquoi investir dans la Petite Enfance en Haïti*» chita sou responsablite leta; aprantisay ki kòmanse

1. «*Objectifs universels, cibles nationales*»/Annexe 1 du Rapport du Groupe de Personnalités de haut niveau chargé du programme de développement pour l'après 2015: «*Pour un nouveau partenariat mondial: vers l'éradication de la pauvreté et la transformation des économies par le biais du développement durable*».

depi jou timoun nan fèt la, devlopman Epòk Tikatkat kòm mwayen pou kwape tout kalite diskriminasyon (pwennvi etik), santre sout fasad lavi timoun nan, epi avantay envesti nan timoun yo pral pote pi devan (pwennvi ekonomik)

Tèks pa **Pierre Toussaint** an « *Plaidoyer pour une éducation de la Petite Enfance en Haïti* » vin byen kore atik anvan li an. Atik li a kòmmanse poze tout aritmetik pwoblèm Tikakat ann Ayiti pa rapò ak pwogram pou timoun laj sa a yo nan rès mond lan², ositou li pwofite jete limyè sou plizyè jan yo trete timoun 0-3 zan epitou Timoun 4-6 zan ki nan klas pre-eskolè. Li fini atik la ak yon michan koutrèl pou li mande yon politik byennèt tikatkat yo ki dwe chita sou pwogram ak sèvis ki gen kalite.

Lyne Margron deklare Edikasyon dwe fèt yon lòt janm, « *Éduquer autrement* ». Atik li a pale sou sistèm valè sosyal, kwayans ak atitud ki nan fondasyon edikasyon nou vle bay timoun ki nan Epòk Tikatkat yo. Li pa kwè pyès refòm ka fèt nan edikasyon si refòm nan pa konsidere amou-pwòp ak santiman timoun yo, yonn-ede-lòt ak kole-tèt-ansanm, plas analiz ak refleksyon syantifik, respè ak valorizasyon diferans olyede yonn desann lòt oswa yonn imilye lòt, yonn santi li siperyè lòt, epitou chak grenn moun dwe konnen responsablite yo nan rasanble ansanm pou nou chanje peyi a ak mond lan.

Nan kout kat la, nou vin tonbe sou Sa mennen nou nan atik **Dominique Hudicourt** la « *Justice sociale et éducation préscolaire* ». Atik la dirije bonnaj nou sou plizyè faktè ak anpechman ki lakòz anvlòpman edikasyon pre-eskolè ann Ayiti: Edikasyon nivo pre-eskolè pa yon priyorite menm pou Minisè Edikasyon Nasyonal, konsa anseyan yo pa resevwa fòmasyon, kourikouloum nan pa kòdyòm, sityasyon an nan milye lavil ak milye riral malekipe, diferans ant sityasyon timoun klas mwayèn ak timoun klas pòv move. Atik la mande pou gen plis jistis sosyal, plis ekite sosyal pou jenn timoun ayisyen yo.

Atik **Dana McDermott** la, « *Children and parents learning how to care more effectively* », chita sou enpòtans edikasyon pre-eskolè ak edikasyon paran ki makònen ansanm, epi li konsidere kijan wòl swen ak atansyon timoun resevwa lè yo tikatkat vin sèvi yo nan lòt sikonstans. Atik la voye je sou anpil pwogram nan plizyè peyi ki prepare espesyalman pou timoun, depi yo tikatkat, kijan pwogram yo aprann timoun anpil bon konpòtman, respè pou lòt moun epi kijan yo ka vin pi anfòm toujou lè yo rive pou yo pran responsablite yo kòm etidyan, kondisip, paran oswa travayè. Atik la kontinye simaye limyè toujou sou kijan timoun ki aprann gen sansiblité pou lòt moun, kijan lè yo aprann respè depi yo tikatkat, yo rive prepare tèt yo pou yo ka vin paran demen, kijan yo vin mwens agresif epi mwens vyolan vizavi lòt moun parèy yo. Pandan yap etidye yo vin pi bon elèv, yo travay pi byen, epi yo rive reyisi pi byen nan lavi yo lè yo vin granmoun. Egal, fòmasyon ak enfòmasyon sou pwogram sa yo pral ede paran, anseyan, epi elèv yo yo-menm vin plis respekte

lòt moun lè yo kontre ak pwoblèm ak sityasyon difisil lakay yo, nan lekòl, nan kominote a, oswa nan lavi a menm.

Se konsa nou vin tonbe sou atik **Eveline Pressoir** ekri a: « *l'Éducation parentale: volet incontournable d'une approche intégrée du développement du Jeune Enfant* ». Atik la demonte pakanpak tout konsèp ki nan fondasyon kozman pou edike tikatkat yo. Atik la mande pou gen pwogram ki fèt pou tikatkat laj 0-3 zan, epi fòk pwogram yo genyen plizyè etap pou ede mete pwogram nan kanpe kòm sadwa. Atik la fini ak yon latrize rekòman-dasyon ak konsèy ki baze sou eksperyans ki fèt ann Ayiti ak nan lòt peyi.

Atik pa **Mohamed Ag Ayoya** a, « *Nutrition et Petite Enfance en Haïti* » fè nou sonje kijan pami latrize gabèl nou dwe leve nan zafè devlopman timoun ann Ayiti, kesyon nitrisyon ak lamanjay (kantite ak balans) rete gabèl ki pi rès pou leve. Pran povrete mete li sou mank lamanjay, maladi enfeksyon, mank laswenyay, absans lopital ak dispansè pou sèvis sante, mank ijyèn ak pwòprete se resèt total pou malnitrisyon malouk, epitou se garanti kach pou mòfrezay kadav-kò ak sèvel jenn timoun ayisyen. Bout pou bout, se efè bosal digdal ratman sa yo pral lakòz sou kapasite aprantisay, anpil sote jou lekòl, epitou sou tout avni ak rès lavi timoun nan. Atik lan chita tou sou modèl aksyon peyi a mete sou pye pou ratibwaze malsite malokipe ki sanble mare sosis yo ak teritwa/istwa peyi a.

Anba yon koutflach ki plonje byen klere nan tout rakwen fasad Epòk Tikatkat Timoun yo, **Michael Udy** dezabiye wòl lamanjay, edikasyon ak pwoteksyon, kijan yonn antre nan lòt, kijan yonn pote boure ak lòt, lè koze devlopman timoun ap pale. Atik la, « *The protection of children in Haïti* » fè yon bèl rale sou koze pwoteksyon jenn timoun ayisyen ann Ayiti nan dènye ane alèkile yo. Efè grav tranblemandtè Goudougoudou charye vin mete sou do timoun ak fanmi nan peyi a, nanpwen bouch pou pale yo. Anpil nan yo te pèdi lavi yo ansanm ak paran yo; anpil anpil toujou te blese, twomatize anba tras move souvni goudougoudou kite tache nan fèy memwa yo. Depase uisanmil (800 000) timoun te blije deplase al abite anba tant, nan pwovens ak andedan peyi a. Apa ane lekòl la ki te tchake, genyen pakèt lokal lekòl ki te demantibile nèt, gen sa menm ki andomaje ki pa kite pyès tras. Nan basen povrete gwo ponyèt, ekonomi frajil, ak enstabilite poliko-sosyal peyi a, Goudougoudou vin vide yon latrize efè grav ki lakòz tout kalite deranjman nan lavi nòm al peyi a; epitou tout sa, sou kote plizyè lòt katastwòf natirèl ki kontinye rive tanzantan. Ki pi rès, peyi a pap pare lòt lè li pral sibi menm sityasyon malokipe sa a, kit nan yon ti tan kout kout, kit nan yon tan ki pa twò long. Michael Udy te fè plizyè vwayaj ann Ayiti, poze lapat sou kèk dokiman disponib li te rive jwenn pou kore rechèch li yo ak bon done sou kondisyon deplorab timoun ki pap viv ak paran yo, epitou ki pwoblèm zafè pwoteksyon timoun ann Ayiti poze andedan yon sistèm nasyonal bankal ki ap bay move rannman. Egal, amelyore sistèm bankal sa a lapoula se yon kòkenn obligasyon pou avni ak lavi nasyon an. ►

2. Rapport UNESCO: Suivi de l'EPT, 2007.

Kanta tèks **Jacqueline Baussan-Loubeau** an, li plonje dirèkt sou gabèl edikasyon pre-eskolè kontinye ap kontre a: Ki jan, apre nou te pase plizyè dizèn ane ap ensiste so kantite, koumen an, anmenm tan nap kontinye avek ekspansyon pre-eskolè nan yon lespri egalite pou tout moun, nou ta dwe fikse atansyon nou sou amilyorasyon kalite sèvis yo: « *Amélioration de la qualité de l'éducation préscolaire* ». Atik la montre ki jan sa te ye nan divès sektè ki merite amilyorasyon: gouvènans, prensip ak regleman yo, fòmasyon anseyan yo fi kou gason, korikoulòm lan, finansman epi otè a fè yon pale sou pwogrè ki fèt nan branch ledikasyon, epi li tou pwopoze kèk estrateji pou amilyore kalite edikasyon yo ap bay nan peyi a.

Nan menm ven panse sa a, **Eveline Pressoir** debake ak dènye atik la: « *Ki lekòl pou ki timoun? Quelle scolarisation pour quelle réussite?* » ki byen fèmèn tout lide nou te genyen sou PE an Ayiti. Atik sa a pale sou tranzisyon Lafanmi-Lekòl epi Pre-eskolè: Kou nou ye la a, ki kalite timoun ki al lekòl an Ayiti, nan nivo pre-eskolè oubyen nan lekòl fondamantal? Nan ki laj yo ale lekòl, ki kote yo soti, ki eta sante yo, èske yo byen manje, ki konesans li genyen, ki nivo devlopman li? Nan ki lekòl li ale? Ki jan divès espas Pre-eskolè yo mache (òganizasyon, korikoulòm, resous moun yo, finansman, divès sèvis yo bay nan diferan sektè);

ki fonksyonman ki genyen nan premye ane sik fondamantal yo (regleman pou yo aksepte moun, kondisyon akèy la, korikoulòm, resous moun ak finansman): « Kalite eskolarizasyon pou ki kalite reyisit? »

Annou di tout moun ki te ede nou yo mèsi. Gras atik yo, tout kalite èd yo ban nou. Konsa, dosye timoun ki nan laj pou yo rantre lekòl yo retounen sou teren an ankò, prensipalman apre premye dokiman sou politik timoun ki nan laj pou rantre lekòl yo ki genyen yon apwòch olistik (desanm 2012)³ pare pou li jwenn apwobasyon li an Ayiti. ■

BIBLIOGRAPHIE

- 1 Rapport du Groupe de Personnalités de haut niveau chargé du programme de développement pour l'après 2015: "Pour un nouveau partenariat mondial: vers l'éradication de la pauvreté et la transformation des économies par le biais du développement durable".
 - 2 Rapport Mondial de suivi sur l'EPT- UNESCO, 2007.
 - 3 *Cadre Politique pour le Développement intégré de la Petite Enfance en Haïti - MENFP*. Décembre 2012.
3. *Cadre Politique pour le Développement intégré de la Petite Enfance en Haïti - MENFP*. Décembre 2012.

Jacqueline Baussan-Loubeau est éducatrice préscolaire et psychologue clinicienne. Alors qu'elle était étudiante en éducation préscolaire, elle s'est engagée envers la petite enfance, fondant dans la zone de Pernier un jardin d'enfants gratuit qui a fonctionné grâce au mécénat de donateurs désintéressés. Elle a ensuite entrepris des études de psychologie à l'Université d'État d'Haïti, puis à la Universidad de las Americas à Puebla et à la Universidad Autonoma de Mexico, au Mexique. Elle a fondé un jardin d'enfants privé à Port-au-Prince et dirige depuis 20 ans l'École normale de jardinières d'enfants. Elle est professeur à temps partiel à la Faculté des sciences humaines de l'UEH. Elle travaille comme consultante auprès des institutions dans le domaine de l'éducation et de l'appui psychosocial. Elle est vice-présidente de l'Association haïtienne de psychologie et conseillère au comité d'OMEP-Haïti. jbloubeau@hotmail.com

Eveline Pressoir est psychologue clinicienne. Elle a étudié la psychologie à l'Université catholique de Louvain (Belgique), se spécialisant en psychopathologie de l'enfant et de l'adolescent, puis la psychologie clinique à l'Université René Descartes-Sorbonne et à l'Institut de psychologie clinique (Paris). Elle a travaillé comme psychologue en Belgique, en France, aux États-Unis, en Haïti. Elle a ensuite rejoint l'UNICEF, pour lequel elle a travaillé 20 ans dans divers pays (Haïti et Afrique de l'Ouest et du Centre). Maintenant à la retraite, elle continue à militer comme consultante et au sein de plusieurs institutions. Parmi celles-ci, citons le Groupe consultatif pour la petite enfance (CG/ECCD), dont elle est membre honorifique et experte attachée, ainsi que le Groupe de travail pour la petite enfance de l'Association pour le développement de l'éducation en Afrique (ADEA), où elle est membre du comité directeur. epressoir@yahoo.fr